



## Kontakte Nou

Defansè Dwa Timoun nan Norfolk

12 Payson Road

Foxborough, MA 02035

Telefòn: 508.543.0500

[www.norfolkadvocatesforchildren.com](http://www.norfolkadvocatesforchildren.com)



## Konsènan vizit ou a



Defansè Dwa Timoun nan Norfolk

[www.norfolkadvocatesforchildren.com](http://www.norfolkadvocatesforchildren.com)

### Remèsiman:

Pwojè sa a te jwenn sipò nan men Biwo Massachusetts pou Asistans pou Viktim yo atravè yon sibvansyon Lwa sou Viktim Zak Kriminèl 1984 (Victims of Crime Act of 1984, VOCA) ki soti nan Biwo pou Viktim Zak Kriminèl, Biwo Pwogram Jistis yo, Depatman Jistis Etazini (U.S. Department of Justice).

Defansè Dwa Timoun nan Norfolk (Norfolk Advocates for Children, NAC) se yon pwogram Biwo Avoka Distri Norfolk la (Norfolk District Attorney's Office), ki an patenarya avèk NAC, yon 501(c)(3).

Sèvis yo ofri nan biwo Defansè Dwa Timoun nan Norfolk yo gratis.



12 Payson Road | Foxborough, MA 02035

[www.norfolkadvocatesforchildren.com](http://www.norfolkadvocatesforchildren.com)

*Chè paran oswa pèsòn responsab,*

*Nou konprann se petèt yon moman ki difisil e boulvèsan anpil pou ou ak pitit ou. Tiliv sa a ap ede w konprann kisa ou ka espere lè pitit ou gen yon randevou nan Biwo Defansè Dwa Timoun nan Norfolk epi li reponn nenpòt kesyon ou kapab genyen.*

*Gen yon ekip ki fòme ak plizyè pwofesyonèl ki kalifye nan plizyè domèn ki pral mennen ankèt sou dosye agresyon seksyèl la. Objektif apwòch miltidisciplinè sa a se diminye sou kantite entèvyou nesèsè epi pou garanti gen yon anketè legal kalifye e eksperimante ki fè entèvyou a.*

*Videyo entèvyou ap anrejistre pou l ka antre nan dosye nou. N ap òganize sèvis nesèsè yo pou ou ak fanmi w, sa gen ladan egzamen medikal espesyal yo.*

*Yon Enfimyè Praktisyèn disponib pou fè egzamen medikal yo pou timoun ak jèn. Y ap asiyen yon Defansè Dwa Viktim pou dosye w la pou ba w sipò e pou defann ou pandan pwosesis ankèt la.*

*Yon Kowòdonatè Sante Mantal pral ba ou omwen twa referans sante mantal pou pitit ou ak fanmi ou. Referans Sante mantal yo se nan ajans ak doktè prive ki resevwa fòmasyon nan tretman chòk ki baze sou prèv. Kowòdonatè Sante Mantal la disponib pou l kontinye bay sipò epi fè swivi; pou asire l timoun ou an ak fanmi an jwenn èd yo bezwen pou sante mantal yo.*



## **Kiyès ki manm nan ekip miltidisciplinè yo?**

Manm nan ekip miltidisciplinè ki soti nan Biwo Avoka Distri Norfolk la, gen ladan anketè legal yo, defansè dwa viktim yo ak asistan avoka distri yo. Polisye yo, reprezantan Depatman Timoun ak Fanmi, yon kowòdonatè sante mantal ki soti nan Biwo Defansè Dwa Timoun nan Norfolk epi yon enfimyè praktisyèn nan Depatman Sante Piblik kapab fè pati Ekip la tou. Nan entèvyou a, y ap ba w yon lis tout moun ki fè pati ekip miltidisciplinè a.

## **Kisa m ta dwe di timoun mwen konsènan entèvyou a?**

Timoun yo santi yo pi alèz lè yo konnen kisa yo ka espere. Nou ankouraje w esplike pitit ou l ap rankontre yon adilt konsène pou pale sou sa ki te rive l la. Di pitit ou moun ki pral pale avè l li konn pale ak anpil timoun epi se travay moun sa a pou asire l timoun yo an sekirite. Pa di pitit ou sa pou l di; sèlman di timoun ou laverite. Tanpri asire pitit ou li pa nan okenn pwoblèm epi se pa paske li fè yon move bagay ki fè li prale nan randevou sa. Se sèlman yon moun nan Ekip la k ap pale ak pitit ou a, toutpandan lòt manm nan ekip la ap obsève dèyè yon vit . Paran an ap rete tann timoun nan nan yon sal atant pou fanmi ki toupre a.

## **Èske m ka chita ak pitit mwen pandan entèvyou a?**

Paran yo pa chita avèk pitit yo pandan entèvyou a. Li enpòtan pou moun k ap fè entèvyou a pale avèk timoun nan sèlman. Kòm pafwa li konn difisil pou timoun yo pale konsènan sijè sa yo, prezans yon paran kapab anpeche oswa distrè timoun nan pandan entèvyou a. Pifò timoun santi yo alèz lè yo pa bò kote paran yo e lè y ap pale avèk moun k ap fè entèvyou a. Men, si timoun yo pa santi yo alèz, nou p ap fòse yo patisipe nan entèvyou a.

## **Èske m kapab chita avèk Ekip la pandan entèvyou a?**

Paran yo pa otorize pou yo chita avèk Ekip la pandan entèvyou a. Paske se yon ankèt sa ye, manm ekip la bezwen byen obsève, evalye epi dokimante entèvyou a. Yo p ap disponib pou reponn kesyon oswa pou pale sou enkyetid ou genyen touswit nan moman an. W ap pale ak Ekip la apre entèvyou a pou w ka jwenn mizajou epi posibilite pou poze nenpòt kesyon ou genyen.

Nou ankouraje w vini ak yon manm fanmi w oswa yon zanmi pou rete tann avè w nan sal atant pou fanmi an pandan pitit ou nan entèvyou a epi pou chita ak pitit ou pandan ou nan reyinyon ak ekip la.

## **Kisa ki pral pase apre entèvyou sa a?**

Pwofesyonèl ki nan Ekip la ap rankontre byen rapid pou yo diskite sou enfòmasyon yo jwenn pandan entèvyou a. Apre sa, w ap rankontre ak Ekip la pou diskite enfòmasyon konsènan entèvyou yo te fè ak pitit ou a epi pou tande rekòmandasyon ekip la fè konsènan ankèt la. Defansè Dwa Viktim nan ap ba ou yon dosye ki gen resous kominote yo. Enfimyè Pratiksyèn nan kapab pale avè w sou egzamen medikal ou dwe pwogram pou pitit ou oswa li kapab pale avè w sou nenpòt kesyon oswa pwoblèm ou ta ka genyen. L ap esplike w egzamen medikal la se pa yon egzamen sou tout kò timoun nan ni li p ap fè li mal.

## **Èske se sèl fwa sa a sèlman timoun mwen an ap bezwen pale konsènan agresyon an?**

Li enpòtan pou w konprann patisipe nan entèvyou sa a pa vle di pitit ou p ap janm pale konsènan agresyon an ankò. Si dosye a mennen nan yon pouswit, Yon Asistan Avoka Distri a ak yon Defansè Dwa Viktim ap gen pou pale avè w konsènan pwosesis tribinal la. Nou ankouraje fanmi yo ak timoun yo pou pale avèk yon doktè sante mantal eksperimante sou sa yo panse ak sa yo santi konsènan sa ki pase a.